

Equity Impact Statement

Tit: Mizajou tou Politik sou Notasyon

Dat: 26/5/21

Èske nou te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Wi (An Pwogrè, poko ranpli) Non

Si se wi, mete dat reyinyon REPT yo ak yon [lyen pou REPT ki te fèt la isi](#): 12/04

Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Twou Opòtinite a te revize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon & Enpak <i>Ki rezilta dezire pou pwopozisyon/efò a, tankou elimine disparite? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (pami gwoup kle yo se moun ki Nwa, Panyòl, Azyatik, miltileng, ak sa ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal)?</i></p>	<p>Manm Gwoup Travay sou Politik sou Notasyon an pral bati yon konpreyansyon pataje sou vizyon an pou, siyifikasyon, ak objektif pou mak nan Lekòl Piblik Boston yo. Ekip la pral defini piblik la pou mak yo (sa yo yo pou elèv la, fanmi elèv la, edikatè aktyèl ak nan lavni pou elèv la, elatriye), epi ki enfòmasyon yo pral vize kominike (metriz konpetans, konpleksyon devwa, elatriye).</p> <p>Prezantasyon sa a pral detaye travay ki fèt jiska prezan sou devlope yon nouvo politik sou notasyon osi byen ke dekri kalandriye a pou pwopozisyon ak aplikasyon politik la.</p> <p>Rezilta dezire pou politik sa a se aplike pratik notasyon nan tout distri a ki pral:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. diminye varyabilite ak fòskote 2. ògmante presizyon ak fidbak pou aji sou li 3. Diminye diferans nan pèfòmans elèv yo sou mak selon ras, estati EL, ak SWD <p>Gwoup Travay Notasyon an te konpoze yon misyon, vizyon ak prensip, epi li te diskite defi ak opòtinite operasyonèl ak aplikasyon kle pou yon nouvo politik. Gwoup Travay la te devlope rekòmandasyon an tèm kout la pou pratik ki pou ankouraje pou ane skolè 2021-22 an pandan nou pase ane a ap devlope yon politik sou notasyon konpreyansif ak pèmanan pou BPS. Politik sou notasyon an ap gide pa pratik sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Eliminasyon sanksyon pou devwa an reta. ● Notasyon maksimòm konsistan nan tout distri a (mete mak ki echwe yo kòm "50" olye de "0" pou maksimize opòtinite a pou amelyorasyon). ● Kantite devwa pou chak trimès ki konsistan, ke nou dakò sou yo pou jenere chak mak yo bay pou chak trimès. ● Kwonoloji konsistan pou mete mak yo ajou nan Aspen konsa elèv yo ak fanmi yo gen enfòmasyon sou pwogrè ki presi ak ajou. ● Yon egzijans pou bay elèv yo fidbak enfòmèl sou pwogrè yo avan yon evalyasyon fomal.
<p>2. Aliyman ak Plan Stratejik la <i>Kòmman pwopozisyon/efò a aliyan ak plan stratejik distri a?</i></p>	<p>OBJEKTIF 1: Elimine Twou Opòtinite: Moun ki gradye nan BPS yo ap pare pou siksè nan inivèsite, karyè, ak lavi.</p> <p>Pwojè sa a fèt pou li kreye yon sistèm fidbak sou pwogrè elèv ki pi ekitab ak previzib ak klè epi tou li fèt pou li sipòte elèv yo pou yo gade pwogrè yo yon lòt jan. Sistèm notasyon aktyèl la pral yon apwòch ekstèn, rekonpans/pinisman sou aprantisaj elèv yo. Atravè chanjman sa yo, bi final la se pou elèv yo vin etajè ki pi endepandan ki motive intrènsek pou fè devwa ki</p>

	egzijan ki konte, ki konekte dirèkteman ak rezilta nou swete nou wè pou elèv nou yo.
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize? Èske li te dezagrege selon ras ak lòt gwoup kle? Kisa li te montre konsènan disparite?</i></p>	<p>Jiska prezan, Gwoup Travay la te egzamine:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Echwe kou pou SY20-21 (dezagrege) ● Done panorama sou elèv ki sou wout (dezagrege) ● Done nan sondaj Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC) (pa dezagrege) ● Done sondaj lidè lekòl segondè (pa dezagrege) <p>Done panorama montre done sa yo pou elèv ki “sou wout” (defini kòm fè tout A, B, ak C nan 6yèm a 12yèm epi atenn 60% nan estanda yo nan K a 5yèm) pou Prentan 2021:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Tout elèv = 29% ● Elèv Nwa yo= 22% ● Elèv Azyatik yo= 49% ● Elèv Blan yo= 32% ● SWD = 20% ● EL yo= 11%
<p>4. Angajman Aksyonè <i>Kiyès ki te angaje (kantite, demografik, ak wòl yo), kòman ak kisa li te bay? Kisa elèv/fanmi ki afekte plis pa pwopozisyon/efò a te di?</i></p>	<p>Pandan travay sa a an pwogrè, angajman an jiska prezan te limite a sèt sesyon avèk gwoup travay la, de sesyon ak gwoup travay lidè lekòl segondè a, ak de sesyon ak BSAC.</p> <p>Elèv yo te atikile (69% nan 16 elèv ki te pran sondaj la) ke yo kwè bi notasyon an ta sipoze montre si elèv yo te metrize kontni a ak/oswa te grandi nan aprantisaj yo epi pa konsantre sou sijè ki pa akademik yo (tankou efò, prezans, elatriye). Yo te pale de kijan fidbak, plis tan pou fini devwa, ak chans pou fè koreksyon te sipòte aprantisaj yo.</p>
<p>5. Estrateji pou Ekite Rasyal <i>Kòman pwopozisyon/efò sa a bese disparite ak ògmante ekite, sitou ekite rasyal? Ki konsekans li pa te gen entansyon genyen? Ki strateji konplemantè ki pral vanse ekite plis?</i></p>	<p>Aktyèlman, pratik notasyon yo varye anpil ant ak menm andedan lekòl yo. Varyabilite sa a egziste selon ras, estati EL ak andikap. Elèv oblije navige sistèm notasyon, pratik ak tant endividyèl pou chak nan pwofesè yo.</p> <p>Pandemi a te anvayi inegalite aktyèl yo, epi kounye a anpil lekòl gen pi wo to elèv ki echwe.</p> <p>Yon nouvo politik ak pratik soutyen pral ede edikatè yo rekonèt ak bese fòskote yo pòte nan sal klas la. Anpil aprantisaj pwofesyonèl ap nesèsè pou asire aplikasyon fon, konsistan, epi ki andire. Elèv kou granmoun te sosyalize pou yo kwè yo fè devwa nan lekòl ak lakay pou yo fè pwen. Nou bezwen re-ankadre rezon pouki elèv yo fè devwa yo – pou yo akèri metriz ki chouke nan motivasyon intrènsek – pou bouche twou opòtinite, epi atenn rezilta akademik ki pi djanm.</p>
<p>6 Bidjè & Aplikasyon <i>Ki enpak ki genyen sou bidjè a? Kijan aplikasyon pral asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak ekite yo, satisfè? Ki idantite gwoup ekip aplikasyon ak, epi èske yo pral pòte yon vizyon ekite?</i></p>	<p>Lansman Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl la an SY21-22, ki te bay 10 pèsònèl chak nan 10 lekòl ak sipò antrènman kontinye, pral koute \$75,000.</p> <p>Lidè lekòl ak sipèentandan lekòl yo pral</p> <p>Nan ane aplikasyon an, nou estime sibvansyon pwofesè pou plis devlopman pwofesyonèl pral mande yon lòt \$150,000 an plis.</p> <p>Aplikasyon politik ki reyisi pral mande lidè biwo santral ki pètinan, tout lidè</p>

	<p>lekòl yo ak yon mas kritik de lidè pwofesè yo fòme sou pratik notasyon ekitab ki dekri nan politik la. An konsekans, nou pral itilize ALI, Enstiti Pwofesè Pandan Ete ak Enstiti Nouvo Pwofesè pou ògmante kontak. Ekip Akademik la pral bay lidèchip sou devlope yon fòmasyon potab lidè lekòl yo pral pase bay nan lekòl pa yo. BTU a te sipòtif de chanjman yo epi y ap yon patnè kle nan anplifye mesaj la.</p> <p>Pwofesè yo, pèsonèl sipò skolè yo, administratè yo, ak pèsonèl distri a (e.g. Sipèentandan Lekòl yo, Kapital Imen, Finans, Kontabilite, Akademik, Edikasyon Espesyal, Etajè Lang Anglè, elatriye) pral responsab pou yo asire pwogramasyon an aplike ak fidelite, li siveye, evalye, ak kominike pou elèv yo, fanmi yo, ak aksyonè yo. Fidbak nan men Tab Won sou Ekite Kominotè a, ak Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal ap nesèsè tou pandan nou devlope politik la.</p> <p>Aplikasyon planifikasyon pral fèt atravè kolaborasyon ant departman yo. Lidè Nwa ak Panyòl k ap kondwi travay sa a enkli Gene Roundtree, Harold Miller, Carline Pignato, Pauline Lugira, Herve Anoh, Danielle Alli, Karen White ak Andrea Zayas.</p>
<p>7. Responsabilite & Kominikasyon <i>Kòman nou pral evalye, dokimante ak kominike enpak yo a aksyonè yo? Kiyès k ap responsab pou sa a?</i></p>	<p>Nou pral evalye ak anrejistre enpak nan kontwòle:</p> <ul style="list-style-type: none"> -Patisipasyon edikatè nan konferans ak devlopman pwofesyonèl -Mak elèv yo nan kou yo -Konpleksyon kou elèv yo -Aliyman mak kou a lòt endikatè reyisit (MCAS, to gradyasyon, elatriye) -Pèfòmans sou evalyasyon ki spesifik pou pwogram nan <p>Nou pral kominike ak aksyonè yo atravè sit entènèt lekòl ak distri a, konsèy sit lekòl, lèt nou voye lakay elèv yo nan sakado yo, kanè nòt, reyinyon ak paran, platfòm aprantisaj an li, ak rapò devan Komite Lekòl ;la.</p>